



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE POLITIK ELAJI POU AKSÈ NAN LANG AK FOWÒM VITYÈL KONT KRIM RAYISANS K AP OGMANTE KONT KOMINOTE AMERIKEN DORIJIN AZYATIK LA

Dekrè Egzekitif la ap ogmante kantite lang ki kouvri nan politik aksè nan lang nan tout eta a soti sis pou pase a dis

Fowòm Vityèl la ap abòde pwoblèm ogmantasyon krim rayisans kont Ameriken dorijin Azyatik ak Moun Zile Pasifik yo pou 30 mas 2021

Ranfòse angajman Gouvènè Cuomo pou Eta New York antanke yon kote ki akeyi tout moun, asire plis Nouyòkè gen aksè nan sèvis ki enpòtan yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a siyati yon Dekrè Egzekitif k ap elaji politik aksè nan lang Eta New York la nan fason ki enpòtan, k ap asire ke plis Nouyòkè ap gen aksè nan sèvis ki enpòtan kèlkeswa lang yo pale. Anplis, Gouvènè a te anonse [fowòm vityèl piblik](#) la nan repons ak ogmantasyon ensidan rayisans enkyetan ak atak kont Ameriken dorijin Azyatik yo atravè Eta New York ak peyi a k ap fèt nan dat 30 mas 2021 a 3 PM.

"Ogmantasyon enkyetan krim hèn kont kominote Ameriken dorijin Azyatik yo ak Moun nan Zile Pasifik yo (Asian-American and Pacific Islander, AAPI) nan Eta nou an ak atravè peyi a tou senpleman degoutan e se moun k ap chèche pwopaje laperèz, lahèn ak divizyon ki komèt yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan New York, divèsite nou se te toujou pi gwo fòs nou, e nou p ap janm kite atak vil, lach sa yo divize nou. Pèsonn pa janm dwe santi yo menase akòz moun yo ye, kijan yo sanble oswa ki lang yo pale, e n ap kontinye rete ini ak kominote Ameriken dorijin Azyatik ak Moun Zile Pasifik yo pou kondane rayisans ak diskriminasyon nenpòt kilè ak nenpòt kote nou obsève sa."

"Pa gen okenn plas pou lahèn nan New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou kanpe ak kominote Ameriken dorijin Azyatik yo ak Moun Zile Pasifik yo tankou yon siyal lespwa pou lòt yo. N ap fè tout sa nou kapab pou ranfòse resous yo pou viktim krim rayisans yo epi kondane diskriminasyon nan eta nou an."

Ekspansyon Aksè nan Lang

Nouvo ekspansyon Gouvènè Cuomo pou politik aksè nan lang eta a ki te premye soti an 2011, vini nan yon moman kote Eta New York ak peyi a ann antye temwen de yon

ogmantasyon enkyetan krim rayisans ak ensidan prejije ki sible Ameriken Dorijin Azyatik yo. Krim rayisans ak ensidan prejije yo souvan sible moun baze sou ras, gwoup etnik, oswa orijin yo pèsevwa epi sa ka enkli atak ki dirije kont moun paske yo pale yon lang ki pa anglè. Aksyon Gouvènè a jodi a voye yon mesaj solid ke tout moun byenveni nan Eta New York, kèlkeswa kote yo soti oswa ki lang yo pale.

Apeprè 2.5 milyon Nouyòkè pa pale Anglè kòm lang prensipal yo epi yo gen kapasite ki limite pou pale, li, ekri oswa konprann anglè. Sa rann li difisil oswa enposib pou moun sa yo gen aksè nan benefis ak sèvis enpòtan yo.

Sou direktiv Gouvènè a, ajans eta yo ki bay sèvis piblik dirèk ap egzije pou tradui dokiman vital yo, ki enkli fòm ak lòt dokiman ki se kle pou gen aksè nan sèvis eta yo, nan omwen dis premye lang ki pi komen ke Nouyòkè ki gen metriz lang anglè ki limite yo pale yo. Politik la egzije ajans yo bay sèvis entèpretasyon gratis tou pou manm piblik la k ap chèche gen aksè nan sèvis eta yo.

Dapre nouvo politik aksè nan lang Gouvènè a, dokiman ki vital yo ap tradui nan lang Arab, Italyen, Polonè, Yiddish, anplis nan sis lang - Bengali, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, ak Espanyòl - ki kouvri aktyèlman pa politik aksè nan lang anvan an ki te adopte pa Gouvènè Cuomo an 2011 lan.

Fowòm Vityèl, Divizyon Dwa Moun

Fowòm nan se Divizyon Dwa Moun nan (Division of Human Rights) k ap akeyi l epi abòde ogmantasyon eksponansyèl ensidan rayisans ki sible Ameriken Dorijin Azyatik ak Moun Zile Pasifik yo nan mwa resan yo. Yon rapò resan te dokimante apeprè 4,000 ensidan sa yo atravè peyi a depi pandemi an te kòmanse nan mas 2020.

Evènman an ap reyini ansanm kominote lidè yo pou diskite sou enpak atak sa yo epi bay yon kontèks istorik ki pi laj pou krim rayisans yo atravè Eta New York. Se Komisè pa Enterim Divizyon Dwa Zimen an, Johnathan J. Smith, k ap dirije diskisyon an, epi l ap prezante dirijan ekspè nan kesyon yo, ki enkli Jo-Ann Yoo, Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik (Asian American Federation), Scott Richman, Direktè Rejyonal Chapit Lig Anti Difamasyon NY/NJ (NY/NJ Chapter of the Anti-Defamation League), ak Sim J. Singh, Manadjè Prensipal Politik ak Defans nan Sikh Coalition, pami lòt yo.

Komisè pa Enterim Divizyon Dwa Moun Eta New York lan, Johnathan J. Smith, te deklare, "Atak kont kominote AAPI yo lèd, trajik epi konplètman inakseptab. Nan New York nou angaje nèt nan bay tout sa nou kapab pou asire ke chak moun gen dwa pou viv ak diyite, lib de diskriminasyon ak prejije".

Nan kad Fòs Entèvansyon Polis Eta New York kont Krim Rayisans lan, Polis Eta New York, Divizyon Dwa Moun ak Divizyon Sèvis Jistis Penal la travay ansanm pou idantifye epi mennen investigasyon sou krim ki motive pa lahèn ak tandans ki lye ak prejije yo, vilnerabilite nan kominote ak pratik diskriminasyon yo.

Ane pase, Gouvènè Cuomo te siyen premye lejislasyon kont teworis domestik nan peyi a an lwa, ki pèmèt yo chaje yon moun ki gen yon krim nan nivo eta a pou yon zak teworis si yo itilize yon zam oswa kouto pou atake yon moun oswa goup baze sou ras, koulè, orjin nasyonal, zansèt, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, relijyon, pratik relijye, laj, enfimite oswa oryantasyon seksyèl. An 2019, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon ki egzije pou yo fòme ajans aplikasyon lwa lokal yo kòrèkteman pou rekonèt epi reponn ak krim rayisans yo.

Gouvènè Cuomo te lanse tou yon nouvo liy ijans, 1-877-NO-HATE-NY, ke Nouyòkè yo ka rele pou repòte yon krim rayisans oswa si yo gen konesans de yon atak prejije posib. Pou repòte lòt pwoblèm prejije oswa diskriminasyon, vizite sitwèb Divizyon an [isit la](#), rele 1-888-392-3644, oswa voye tèks HATE bay 81336.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)